


ANN BAY LODYANS 12

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 12

AYITI SE PÈP AYISYEN

Institi Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 12

EPI BONDYE KREYE PREMIE FI A

Nan kòmansman Bondye te kreye tout bagay. Apre sa, li te fè premye moun lan: yon gason. Se lè sa a, li wè li pa rete anyen pou l ta fè yon fi. Bondye pran kalkile yon bon ti moman: “Ak ki bagay m pral kreye yon fi pou m bay premye gason an kòm zanmi?” Nou konnen anyen pa enposib ak Bondye. Se konsa li jwenn yon bon solisyon.

Pou fòm kò fi a ka bèl, Bondye pran fòm lalin lè l nan pozisyon premye katye. Li pran ti fèy lejè ak ti reyon solèy pou l fè kò a, epi li fè l soup tankou ti zèb yo.

Pou karaktè a, Bondye fè yon bon ti melanj: li pran bwòdè ki gen nan pan, di ki gen nan wòch, finès ki gen nan kè zwazo, dousè ki gen nan siwo myèl, mechanste ki gen nan tig, chalè ki gen nan dife, fredri ki gen nan lanèj.

Bondye kontwole yo, sa pa ase toujou. Li pran souplès ki gen nan branch rezen lè l ap vlope pyebwa. Li ajoute yon ti kal nan karaktè krabye, li pran fidelite ki gen nan manman lyon, tout chante ki gen nan gòj wosiyòl, pale anpil ki gen nan gòj jako, bèlte ki gen nan flè k ap boujonnen, mouvman ki gen nan van k ap soufle, epi dlo ki gen nan je.

Bondye melanje tout bagay sa yo ansanm pou I fè yon pat. Li travay pat la byen travay, epi li fè fi a. Se pa de bèl fi sa a te bèl! Bondye fè gason an kado fi a. Msye te kontan anpil. Yo te viv ansanm pandan kèk tan konsa.

Men yon jou, msye a al devan Bondye ansanm ak fi a. Li pote I remèt Bondye. Li di konsa: “Bondye, m pa kapab viv ak zanmi ou ban mwen an. Li pale san rete, li fatige m twòp, menm yon ti poze m pa kab fè. Sa ki pi rèd la, li egzijan anpil! Li vle pou m okipe I toutan. M pa kapab fè travay mwen. M pa gen libète menm pou m al fè yon ti flann. Lèfini, pou nenpòt ti bagay li pran kriye! Se poutèt sa, m vle remèt ou li, Bondye. Li twò difisil pou m viv avè l.” Bondye di: “Dakò, ou mèt remèt mwen li.”



Aprè yon senmenn, gason an tounen bò kote Bondye. Li di: “Tanpri, Bondye, ban m fi a ankò. M santi lavi m vid san li. Depi mwèn fin remèt ou li a, m sonje li. M sonje jan li te konn gade m, jan li te konn okipe m, jan li te konn ri, jan li te konn chante pou mwèn, jan li te konn danse pou mwèn. O! o! jan m renmen tande vwa l. M pa kapab viv san li.”

Epi Bondye te dakò, li remèt msye fi a.

GASPIYAY NAN FIMEN

Te genyen yon msye ki te fè gaspiyay nan fimèn. Li achte kèk goud tabak chak jou. Men madanm li fè yon ti kès, konsa li te gen lajan. Chak fwa pou msye a achte tabak, madanm lan pran kèk goud pa li, e li mete yo nan kès la.

Yon jou rive, gen yon moun ki vin ofri yo yon tè. Msye a bare, paske li deja depanse tout lajan l nan tabak. Madanm lan menm ale nan kès li, li pran lajan an. Li konte l, li pote l bay mari l. Li di: “Men. Sa se lajan ou gaspiye nan achte tabak.”

Msye a sezi. Li konnen li pa t kapab achte tè a. Depi lè sa a, li kite fimèn. Li pran bwa pip li, li vòltije l laba. Koze l regle tout tan.

Lamèsi Montelis, Ravin Twonpèt

NÈG KABRIT AK NÈG SOULYE

Yon jou, te gen yon nèg ki te gen yon bèl kabrit. Li te sòti Lestè, e lè l rive Gonayiv, li wè yon kòdonye ki gen yon bèl soulye nwa. Youn te renmen lòt: kòdonye a renmen kabrit la, nèg kabrit la renmen soulye a.

Sa k rive? Nèg soulye a di: “Se pou nèg kabrit la bay dèyè.” Nèg kabrit la pa vle dakò. Nèg soulye a menm, se yon bakonyè li ye. Li veye nèg kabrit la, e li koupe chemen pou pase devan. Li mete yon sèl grenn soulye kote nèg kabrit la ap pase, epi li kache kò l yon ti kote.

Kon nèg kabrit la rive, li wè soulye sa a. Men se yon sèl grenn soulye ki la, pa gen parèy. Li pa pran l. Kon li rive pi devan, li jwenn lòt grenn soulye a. Li kontan nèt. Konsa, li mare kabrit la kote dezyèm grenn soulye a, epi li tounen pran premye a. Men li pa wè l. Li pati pou l al pran lòt la kote kabrit la te mare a. Li pa wè ni kabrit la ni soulye a. Li mete men nan machwa, e li chagren wè kote lavarais mete l.



Mekane Dòvil, Ravin Twonpèt

ZWAZO BLE NWA

Vwala, te gen yon wa ki pa t janm fè pitit. Tout tan li t ap mande l: Ki moun ki va wa lè m a mouri? Tèlman yo lapriyè, yo fin fè yon ti gason. Se pa de bere yo te bere pitit la. Li te gen ven esklav pou sèvi li, pou jwe ak li, pou ba l tout sa li bezwen. Jwèt menm se pa pale. Yo te fè menm yon jaden pou nèg la ka pwonmennen. Granmoun yo tèlman pè pou maldjòk pa tonbe sou li, yo pa t janm kite l soti deyò baryè.

Vwala, yon jou pitit la te pou kò l nan fon jaden an. Li wè pòt la louvri. Floup! li nan lari. Msye flannen kont flannen l nan kenbe papiyon, keyi flè, voye wòch. Konsa, li rive bò dlo a.

Men te gen yon djab kanpe lòt bò larivyè a k ap griyen dan. Djab la di: “Ala chans m genyen, papa! Menm m chita lakay mwen, manje m vin jwenn mwen.” Li te prèt pou vole sou pitit la, lamem yon bèl zwazo nwa zèl ble vòltije voup sou pitit la. L ale avè l. Djab la te fache, konpè! Li di: “Ban mwen li, zwazo! Ban mwen li! M a ba ou yon barik plen mayi.” Ti gason an di: “Sove mwen, zwazo! Sove mwen! M a ba ou yon barik plen lajan.”

Nan palè, se te tèt chaje. Tout bagay tèt anba. Gad yo te nan minòt, esklav yo nan kacho. Tout

sa ki pa t nan prizon, te fou ap chache kote y a jwenn pitit la.

Plap! Zwazo poze sou pewon kay wa a ak pitit la. Yo mennen l bay granmoun li. Se pa ti jwa ki te nan kè yo. Wa a mande: “Kisa n a bay zwazo a?” Pitit la menm di: “M te pwomèt li yon barik plen lajan si l sove m.” Wa a reponn: “Kantite l a vle, pitit mwen.”

Men zwazo a pa t vle asepte lajan an. Li di: “Èske nou vle ban m yon chanm isit nan palè a? Chak swa m ta vin kouche isit, chak maten m t ale okipe zafè m.” Wa a reponn: “O! o! se pa anyen sa. Ou pa vle anyen ankò?” Zwazo a reponn: “Non, m pa bezwen anyen ankò.”

Reyèlman vre, yo te ba li yon chanm an balkon. Elas, sa k rive: Yon swa, lè l ap rantre lakay li, youn nan gad yo wè gwo bèt sa a k ap plannen sou palè a. Nan fènwa, li te kwè se yon malfini. Paw! Li tire yon kout fizi. Zwazo a mouri frèt.

Rann sèvis bay chagren.


Rawoul Jilyen



LESON KALKIL

Nan yon ti vil pwovens, te gen yon msye ak yon madanm ki te gen yon sèl pitit gason. Yo decide voye l lekòl Pòtoprens. Lè vakans vin rive, l al pase kèk jou ak fanmi li. Papa l ak manman l sitèlman kontan wè l, yo kwit de poul toutantye mete sou tab la.

Ti gason an te chita ap manje avèk manman l ak papa l, lè li kòmanse fè chèlbè, rakonte jan li aprann anpil bagay, jan li vin fò. Manman an avèk papa a te kontan anpil deske yo tande pitit yo kòmanse save, paske yo menm yo pa t gen chans pase lekòl. Se konsa ti gason di papa l: “Papa, èske ou kapab di mwen konben poul ki genyen sou tab la?”



Papa a sezi. Li di gen 2 poul sou tab la. Ti gason an di se pa vre. Papa a blije di li pa konprann. Ti nèg save a kòmanse esplike atò: “Ou wè poul sa a, papa, se poul nimewo 1. Lòt la se poul nimewo 2. Konsa, 1 plis 2 egal 3.”

Papa a reponn: “A! bon! M pa t konnen. Enben, si se twa poul ki genyen, pa gen pwoblèm. M ap pran nimewo 1 an. Poul nimewo 2 a se pou manman ou. Ou mèt manje twazyèm poul la.”

Enstiti Pedagojik Nasyonal

NOU PRAL TOUYE TOUDE

De zanmi t ap mache. Nan mache mache, li vin fè nwa. Yo pèdi. Se yon sèl ti kay yo wè. Y ap mande yon ti kote pou yo dòmi. Yo ranje kabann pou yo. Men pandan yo nan dòmi, gen youn ladan yo ki tande mèt kay la di: “Nou pral touye toude.”

Li pran tranble. Li ta reveye lòt la, men li pè pou l pa fè bri. Tout lannwit l ap kalkile kilè y ap vin koupe tèt yo.


Nandenmen, li wè mèt kay la parèt ak yon gwo kouto. Li fèk touye de manman poul ki te nan lakou a.

Wozelin Bazil

TWA MÈTDAM

Te gen twa mètdam ki pa t gen anyen pou yo manje. Premye a di: “Mesye, nou pa kap rete san manje. Ti trip mwen kòmanse ap vale gwo trip mwen.” Dezyèm lan di: “Mwen sitèlman grangou, mwen ta manje yon bèf ak tout kòn.” Twazyèm lan di: “M pa gen bouch pou m pale. Pale anpil pa regle anyen. Annou degaje, degaje pa peche. Se vòlè ki peche.”

Premye nèg la ale bò lanmè. Li pran yon vye kannòt, epi l al peche pwason. Lè l fin pran yon pakèt pwason, li di lòt de nèg yo konsa: “Men pwason m te pran. Pa gen lwil, pa gen pen.”




Dezyèm nèg la pran yon kalbas. Li plen l koton, epi li rive devan yon machann lwil. Li di l: “Madanm, plen kalbas sa a pou mwen, souple.” Madanm lan vide lwil. Kalbas la p ap janm plen, paske koton an bwè tout lwil madanm lan mete a. Lè sa a, nèg la di li pa gen lajan. Se kredi li vle. Madanm lan refize. Li fè gwo kòlè. Nèg la pran kalbas li, li vire l tèt anba, li remèt madanm lan tout lwil ki te vle degoute nan koton an. Lè l rive lakay, msye kraze kalbas li. Li



jwenn plis pase yon lit lwil. Lè sa a, yo di: “Nou gen pwason, nou gen lwil. Kounye a, se kou pa ou, pou ou bay pen.”

Twazyèm nèg la pati. Lè l rive devan yon machann pen, anfas yon presbitè, li kanpe. L ap tann yon pè parèt. Lè yon pè rive, li mande l: “Monpè, ki lè ou fè?” Monpè reponn: “Kat senkant.” Nèg la mande ankò: “Se kat senkant ou di, monpè?” Pè a reponn ankò: “Se sa menm.” Konsa nèg la di madanm lan: “Ou pa tande, monpè di pou ou ban m kat pen senkant.” Madanm lan vlope kat pi bèl pen senkant kòb yo, li bay nèg la. Li konnen, de pyas sa a asire.



Vè sizè, lè madanm lan prale lakay li, l al mande touche. Monpè di l li pa dwe l. Madanm lan di monpè: “Ou te di nèg la, pran kat pen senkant nan men m.” Monpè di: “A madanm, ou fè erè. Nèg la mande m ki lè m fè. Mwen reponn li: kat senkant. Sa vle di katrè senkant minit. Tank ou renmen vann twò vit, ou pa pran espplikasyon.” Madanm lan vire do l, san kòb, san pen.

Konsa twa vòlè yo chita. Yo gen pwason, yo gen lwil, yo gen pen, epi yo manje vant deboutonnen.

Jòslen Jozèf, Pòtoprens

KIJAN M RELE?

Te gen yon granmoun fanm ki t ap viv nan yon savann pou kont li. Pyès moun pa t janm al vizite l. Menm pitit li te abandonnen l, tèlman li te detestab. Granmoun sa a te gen pouvwa pale langaj bèt yo. Se yo sèl ki te zanmi l, se ak yo sèl li te pran kontak. Li te abite nan yon bèl kay, lakou a gran, flè pasipala.

Yon jou, yon madanm debake ak yon bèl tifi nan lakou a. Non l se te Dyevela. Manman l ak papa l te mouri, e yon vwazin te pran l mennen l kay grann li. Premye jou a, tifi a pa jwenn manje. Lè li grangou, l al larivyè a, li bwè yon bon valè dlo, epi li retounen. Denmen maten, li leve, li di grann lan: “Grann, mwen grangou, wi! Yè ou pa t ban m anyen, e jodi a?”

Granmoun lan di l: “Ou konn kijan m rele?” Tifi a reponn: “Non, mwen pa konn non ou, grann. E sa sa fè? Ou se grann mwen...” Madanm lan ri: “Si



ou te konn non m, pitit mwen, mwen ta ba ou manje.”

Depi jou sa a, granmoun lan oblije pitit la fè tout travay. Li blije bale lakay ak lakou, sekle, plante flè, wouze, netwaye. Men malgre sa, li pa janm ba l manje. Chòche a pito al manje nan fon bwa pou l pa bay pitit la moso. Se vye fèy ak grenn bwa ki pèmèt tifi a kenbe. Jou ale jou vini, sitiyasyon an vin pi mal. Li chache sove, men chak fwa granmoun lan toujou jwenn li.

Yon jou, granmoun fè yon gwo babako manje. Li monte sou tab, li manje, li manje. Pandan sa, li rele tifi a. Kè malerèz la louvri, sant manje a satouyèt twou nen l. Sa fè l vin pi grangou. Men grann lan pa ba l santi l menm, li di l pran veso yo pou l al lave. Manmzèl te tris, li t ap souffri.

Pandan l ap grate chodyè a konsa, yon ti sourit parèt devan l: “Ban m yon ti graton, m a di ou non chòche a.” Tifi a pa t ka kwè sa. Li reponn:

“Pa jwe kon sa, non. Kouman ou fè konnen l?” Ti bèt la di l: “M se yon sourit, m antre kote m vle, anplis m gen zòrèy fen. M se sèl zannimo nan zòn isit ki pa kite anraje sa a jwe nan tèt li.”



Se kon sa Dyevela aprann non ti granmoun lan. Li prese, li demele l fin lave veso a, epi l al jwenn granmoun lan. Li gade l byen gade, epi li tonbe ri. Granmoun lan di: “Kisa ou wè ki rizib la, pitit mwen?” Tifi a kontinye ri. Granmoun lan kòmanse vle fache. Li repete l: “Men sa k ap fè ou ri konsa?” Dyevela reponn: “Enben grann, m konn non ou, wi.” Chòche a te tèlman sèten pyès moun pa ka konn non l, li vle pase timoun lan nan jwèt: “Enben, pitit mwen, si se vre ou konn non m, di m kijan m rele. M rele grann Chwal, grann Bourik, grann Sourit?” Tifi a reponn: “Non, grann, ou rele Dede Granbwa.”

Wouy! Sa granmoun lan tande a, li dechennen. Lamenm li pati kon yon bèt anraje. Li kontre chwal, bourik, kochon, yo sèmante yo pa konn anyen nan sa. Li file kay pwason, poul, kòdenn, pentad, menm repons. Li kontinye mache jouk li rive kay sourit. Ti sourit la di l: “Wi, se mwen menm menm, chòche. Se mwen menm ki di ou rele Dede Granbwa. Sa k gen nan sa?”



Chòche a fache, li fou nèt. Li bondi sou sourit la ak yon kouto. Ti bèt la kouri rantre nan yon twou. Granmoun lan foure kouto a nan twou a pou fann fwa ti bèt la. Li brase, foure l, rebrase ankò. Ti sourit la sote plip! Li kouri lòtbò yon pi dlo. Granmoun lan vole ak yon raj, pye li glise, li tonbe nan fon pi a. Li mouri tèt nwè.

Se konsa, tout kay la ak tout richès yo vin rete pou Dyevela. Tout moun ki te blije kite bitasyon an, tout tounen sou tè yo ankò. Tifi a vin grandi, li vin yon bèl demwazèl. Sourit la menm vin tounen yon bèl jennjan byen kanpe, epi li marye ak fi a. Nan maryaj la, se nan danse danse, pye m glise. M fè yon sèl lakilbit, m vin tonbe isit la, ki fè m ka rakonte nou ti istwa sa a.

Mari Dyevela Seza

DOUSMAN

Bouki: Pa deranje m, non! M ap ekri yon lèt pou voye bay mennaj mwen.

Ti Malis: Men, poukisa ou ap ekri si dousman konsa?

Bouki: Se paske mennaj mwen pa kapab li twò vit, non.

YON KOKOBE AK YON AVÈG

Te gen de malere. Youn te kokobe, lòt la te avèg. Yo pa t kapab jwenn dekwa pou yo viv. Yon jou, avèg la t ap tatonnen sou baton li nan lari. Li rive tou pre kokobe a, ki te chita bò yon plas e ki t ap mande lacharite.

Lè kokobe a wè avèg la, li di: “Frè m, vini m pale ou. Monchè, depi lontan m ap mande Bondye pou mete fen nan lavi mwen. Men jodi a mwen gen kouraj pou m viv. Fò nou mete mizè nou ansanm.”

Avèg la reponn: “Ou pa kapab fè anyen avè m, non. M pa wè.” Kokobe a di: “Koute sa m ap di ou. Mwen gen je. Ou menm ou gen janm. Alòske ou ap pote m, mwen menm m ap gade pou dirije move pa ou yo. Janm ou ap mennen m kote ou vle.”

Se te konsa lamitye yo te deside. Youn mache pou lòt, lòt la wè pou li. Se pou youn ede lòt. Mal nou an va diminye enpe.

Jòslen Jozèf, Pòtoprens

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5119-0



FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.12

GCON

02/23/01

**OUT MOUN KONN LI.
UT MOUN KONN EKRI.**